

Zouti pou Ti Men yo

Pou timoun ki gen laj 2 ane rive 5 ane ak paran yo a

Kit sa a ranpli ak zouti ak ide ki ka ede timoun ou an devlope ak pratike konpetans motris fin li yo.

Konpetans motris fin se kapasite pou fè ti mouvman yo avèk dwèt, men, ak pouyèt. Yo se konpetans ki bezwen kontwòl ak kowòdinasyon, tankou ekri ak yon kreyon, zipe manto ou, ak itilize yon fouchèt.

Konpetans motris fin yo nesèsè pou lavi chak jou ak pou siksè nan lekòl. Yo ede timoun yo fè plis bagay pou yomenm. Epi rechèch montre ke lè timoun yo kòmanse lekòl avèk konpetans motris fin solid, yo gen plis chans pou reyisi.

Tout konpetans motris fin pran tan pou aprann, epi li enpòtan pou kòmanse lè timoun yo jèn. Timoun ou an kapab devlope ak pratike anpil konpetans motris fin atravè jwèt oswa nan ede nan lakay ou a. Abiye yon poupe, bati yon blòk, fè manje avèk ou, tout se aktivite ki ede. yo aprann pi byen kèk konpetans motris fin nan itilize zouti espesyal yo, tankou sizo yo oswa yon penso.

Kisa ki nan Kit

- 10 zouti pou granmoun ak timoun yo itilize ansanm
- Anpil materyèl pou itilize avèk zouti yo
- Fèy aktivite pou chak zouti pou bay ide sou sa pou fè



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



Konsèy Jeneral

- Aktivite yo nan kit sa a se pou granmoun ak timoun yo fè ansanm. **Zouti yo pa jwèt! Asire ou sipèvize timoun ou an.** Timoun yo bezwen aprann fason pou itilize chak zouti an tout sekirite avèk oumenm bò kote yo.
- **Anpil timoun bezwen tan pou eksplòre** materyèl yo avan yo eseye yon aktivite. Kòmanse pa bay yon ti kantite materyèl epi jis kite yo jwe. Petèt kòmanse avèk kèk chalimo, lenn, ak papye. Answit, prezante yon zouti ki familye (tankou tas yo) epi gade kisa yo dekouvri. Lè ou panse yo prepare, eseye yon bagay ki soti nan youn nan fèy aktivite yo.
- **Pale avèk timoun ou an** pandan ou ap eksplòre zouti ak materyèl yo ansanm. Pataje sa nou remake. Mande li dekri kisa yo ap fè. Chak fèy aktivite gen ladan kèk ide sou bagay pou ou di.
- **Aprann itilize zouti yo pran anpil pratik.** Timoun yo devlope konpetans pandan tan an ap pase nan pwòp rit pa yo. Timoun ou an gendwa pa konprann li premye fwa a oswa nan dizyèm fwa a. Demontre ak ba li konsèy sou fason pou itilize zouti yo. Men pa fè li pou yo.
- **Timoun yo aprann lè yo fè menm bagay la plizyè fwa.** Ou gendwa santi ou raz paske ou deja konnen fè li. Men pou yo se toujou yon difikilte ki pasyonan. Ankouraje yo kontinye eseye.
- Pwosesis itilizasyon yon zouti plis enpòtan t'pase pwodwi timoun ou an kreye a. **Felisite timoun ou an pou travay rèd li a.** Eseye pa kritike yon pwodwi ki sanble li an dezòd pou je granmou ou yo—li gendwa sanble bèl pou timoun ou an!
- **Swiv enterè timoun ou an.** Fèy aktivite yo sijere fason pou itilize zouti yo nan kit sa a. Men gen anpil lòt fason pou itilize yo. Pa egzanp, eseye jwèt dlo! Ranpli yon bòl avèk yon ti dlo (ou gendwa fè sa yon kote deyò oswa pandan nou ap benyen). Bay timoun ou an tas yo, pipèt, kont gout, ak plis. Louch. Vide li. Gade kisa ki koule oswa flote. Tout sa se pratik konpetans motris fin. Raple ou ke pou tout aktivite yo, ou ta dwe sipèvize timoun ou an epi vide dlo a lè nou fini jwe ansanm.

